



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENSTALASYON RANP POU LANSMAN KAYAK KI AKSESIB NAN PAK ETA NEW YORK YO**

*Yo Konstwi Nouvo Docks pou Abitan Vil New York ki gen Andikap Fizik*

*Yo Enstale Ranp Lansman nan Pak Eta New York Green Lakes, Buffalo Harbor, Seneca Lake ak Wellesley Island yo*

*Pwojè a Konplete Inisyativ \$900 Milyon Gouvènè a pou NY Parks 2020 an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a yo fèk enstale yon nouvo dock ki pral fasilite lavi moun ki gen yon andikap oswa difikilte fizik pou yo lanse kayak ak kanowe nan Pak Eta New York yo. Yo fèk enstale yon ranp lansman pou kayak nan Pak Eta Green Lakes ki nan Fayetteville epi gen lòt toujou yo pral enstale nan Pak Eta Buffalo Harbor pi devan pandan peryòd lotòn sa a ansanm ak nan Pak Eta Seneca Lake nan Geneva ak nan Pak Eta Wellesley Island toupre Alexandria Bay ane pwochèn. Pak Eta yo pral travay pou ogmante disponibilite yo nan ane k ap vini yo nan destinasyon popilè yo pou moun ki renmen kayak ak kanowe.

**Gouvènè Cuomo deklare:** “New York gen anpil anviwònman natirèl ki mayifik tout moun merite gen opòtinite pou apresye. Amelyorasyon sa yo reflekte eritaj New York anfavè enklizyon tout moun, lè Eta a fè divètisman deyò ki nan andwa kote lanati a sitèlman espestakilè vin plis aksesib ak agreyab pou tout abitan New York ak vizitè yo egalego.”

**Rose Harvey, Komisyonè Biwo pou Pak, Divètisman ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), di:** “Pak Eta yo angaje yo pou travay pou asire enstalasyon yo aksesib pou tout vizitè yo, kèlkeswa kapasite ak andikap yo. Kayak ap vin plis popilè, espesyalman opre senyò, moun ki andikape, veteran ki pran chòk ak moun k ap eseye rete anfòm. Dizayn inovatè dock sa a pral ede bay moun ki gen difikilte fizik plis endepandans ak pibon aksè nan sèten pami pibèl lak ak rivyè ki genyen nan Eta nou an.”

Poutèt yo enstab, kayak ak kanowe kapab difisil pou antre ak soti ladann, espesyalman pou moun ki gen difikilte fizik. Nouvo dock la gen de (2) sak pou foure kò moun lan epi k ap sipòte li avèk yon ba metal anlè a li dwe kenbe ki pral amelyore estabilite li pandan l ap antre ak soti nan ti bato an. Youn nan de (2) sak-fouwo an gen tou yon ranp atikile nan dlo a pou kenbe ti bato an anplas anvan pou li lanse, ansanm ak yon eskalye ki gen mach ki ba ki pral pèmèt moun ki chita sou chèz woulant desann pou kont li pou rive nan bato an.

Pwojè an reflekte efò Gouvènè Andrew M. Cuomo ap fè pou ogmante aksè nan divètisman ki nan lanati grasa pwogram NY Parks 2020 yo, ki se yon angajman sou plizyè lane pou kolekte \$900 milyon nan finansman prive ak piblik anfavè Pak Eta yo ak sit istorik nan Eta a ant 2011 ak 2020. Bidjè 2016-17 Eta-a prevwa \$90 milyon pou direksyon inisyativ sa a. Gen plis enfòmasyon osijè NY Parks 2020 ki disponib [isit la](#).

### **Osijè Inite Sèvis Marin pou Pak Eta yo**

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) sipèviz 180 pak ak 35 sit istorik Eta a ki resevwa 62 milyon vizitè chak ane. Inite Sèvis Maritim Pak Eta a responsab pou kowòdinasyon jeneral pwogram sekirite aktivite divètisman nan bato ak pou sipòte efò lapolis maritim nan Eta, ikonpri patwouy ak finansman pou aktivite lapolis maritim lokal yo.

Tout kanotye yo kapab ede amelyore sekirite aktivite bato yo lè yo patispe nan yon fòmasyon sou sekirite navigasyon nan ti bato; evite bwè alkòl pandan ou nan ti bato a; epi mete yon jilè sovta. Se pou tout moun ki sou yon ti bato ki gen mwens pase 21 pye longè mete yon jilè sovta ant 1ye novanm ak 1ye me. Pak Eta yo ankouraje moun k ap pilote ti bato ak ram pou yo kole otokolan ki reflechi limyè oswa pou yo tepe ti bato yo ak tep briyan pou amelyore vizibilite lè pa gen anpil limyè ansanm ak yon otokolan pou idantifikasyon bato a pou ede òganizasyon entèvansyon pou ijans kapab idantifye mè bato a rapidman epi pou decide kisa yo ta dwe fè si yo jwenn ti bato a detache nan dlo a.

W ap jwenn plis enfòmasyon osijè sekirite aktivite ak ti bato – ikonpri lis fòmasyon nan sekirite navigasyon ak bato – epi divètisman nan dlo nan Eta New York ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418